

## CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS

Chyé RéTTY Isnéndés, pituin urang Nagrak-Sukabumi. Lahir ping 02 Désémber 1972. TK, SD, Madrasah, SMP, jeung SMA-na di Sukabumi. Taun 1993 miluan UMPTN, pilihan kahiji Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah téh, katarima. Kuliahna dibarung ku kareueus jeung kabagja sabab ngarasa cocog jeung lelembutanana. Taun 1998 lulus banglus Cumlaude ti IKIP Bandung. Taun 2002 nuluykeun sakola di S2 UGM, lulus Cumlaude taun 2004.

Mimiti resep nulis sajak ti SD kénéh (dina basa Indonésia), di SMP mimiti nulis sajak dina basa Sunda. Taun 1994 sajak jeung carponna mimiti dipublikasikeun dina *Manglé*, satuluyna tulisan-tulisanana (utamana sajak –puisi) dimuat dina *Turus*, *Galura*, *Kujang*, *Pikiran Rakyat*, *Bandung Pos*, *Galamédia*, *UPI Chronicle*, jeung *Cupumanik*.

- Nepi ka kiwari, nulis 200-an sajak, 75-an carpon, jeung tilu novellet. Novellet nu kahiji dikarang taun 1996 dimuat jadi carnyam dina *Manglé*, judulna: “Gupay Tineung Gupay Ludeung”.
- Nu kadua, “Handeuleum ‘na Haté Beureum”, dikarang taun 1998 dimuat dina *Mangle* taun 2007-2008.
- Nu katilu novellet carita rumaja “Jamparing” dikarang taun 2000, dimuat dina *Mangle* taun 2009.
- Esey na mah can diitung.

Pangléler dina widang sastra:

- Diploma ti Museum Seni Anak dan Remaja Oslo, Norwégia taun 1991 (SMA) kana puisina *Disasters*,
- Pinunjul Nulis Sajak Sunda sa-Jawa Barat nu diayakeun ku HIMA PÉNSATRADA taun 1996,
- Penghargaan Pangarang Ngora ti Granésia (1996),
- Penghargaan *Sirung Harepan* (jeung Imas Rohilah) ti Granésia (1997),
- Pinunjul I Baca Puisi (Indonésia) Tk Mahasiswa/Umum ti IKAPI (1998),
- Piagem Sastra ti LBSS kana skripsina ‘Analisis Puisi Mantra di Kacamatan Nagrak Kabupatén Sukabumi’ (1998),
- Hadiah Sastra Rancagé ti Yayasan Rancage nu dipupuhuan ku Ajip Rosidi, keur kumpulan sajakna *Kidang Kawisaya* (2000).
- Sajakna *Patarema Angin & Harewos Pinus* kapilih jadi sajak Pinilih Mangle bulan Oktober 2006.
- Carponna “*Neng Adang: Brigade Citarum Bayangan*” (2007) kapilih jadi carpon pinunjul sarta dibukukeun ku PPSS (Panglawung Pangarang Sastra Sunda) dina antologi carpon pinunjul.
- Sajakna jadi Pinunjul III PPSS Agustus taun 2008 kaliwat dina Pasanggiri Sajak Sunda.

- Salian ti jadi pangarang oge jadi editor, babarengan jeung Ano Karsana dina *Lir Cahya Nyorot Eunteung*, (2008) antologi tulisan alumnus Jur Sunda UPI.
- Sawatara karya sastra bacacar dina antologi-antologi (Sunda jeung Indonésia: *Risalah Badai, Puisi Sunda Emas, Puisi Sunda dalam Dua Bahasa (Sunda-Indonesia; Sunda Prancis, Sunda-Inggris), Heulang nu Ngajak Bengbat, Bunga yang Berserak, Neangan Bulan, Mun Dunya Bisa Nyarita, Kembang Kadengda.*)
- Sawatara sajak-sajak dina *Kidang Kawisaya*-na dimusikalisasi ku Tangara Bulan, disanggi ku Sdrk. Adhika Nurkholis Aziz.\*\*\*

